QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«16» декабрь 2021 у. № 03-03/1-5692 «___» __________ 2021-j.

**Барлық қала ҳәм районлық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәм де республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына**

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 9-декабрьдеги 399-санлы буйрығында усы жылы улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары қатнасында билимлендириў мәкемелери аймағында жаңа жыл байрамын режелестириў ҳәм өткериў мүмкин емеслиги көрсетилген.

Усы мүнәсибет пенен Сизге, улыўма орта билим бериў мектеплеринде жаңа жыл байрамын белгилеў менен байланыслы төмендеги ҳәрекетлер қадаған етилгенлигин мәлим етемиз:

жоқары класс оқыўшылары қатнасында Жаңа жыл байрамын белгилеў менен байланыслы ҳәр қандай илажларды режелестириў ҳәм өткериў;

байрам менен байланыслы илажларды өткериў мақсетинде ата-аналардан түрли себеплер менен нызамсыз пул жыйнаў;

мектеп оқыўшыларының мектепте ҳәм мәҳәллелерде ҳәр қыйлы пиротехникалық затлардан пайдаланыўы;.

мектеп фойеси ҳәм классларды жасалма шырша ҳәм электр шырақлары менен безетиў (оқыўшылар қол мийнети менен жасалған түрли безеўлер буған кирмейди).

Соныда айтып өтиўмиз керек, баслаўыш класс оқыўшыларына класс басшылары ҳәм де ата-аналар қатнасында карантин қағыйдаларына әмел еткен ҳалда, өз классларында, сабақларға кесент етпеген ҳалда байрам илажларын өткериў ҳәм де мектеп ҳәўлисинде жаңа жыл шыршасын безетиўге рухсат бериледи.

Жоқарыдағыларды есапқа алып Сизден, бойсыныўыңыздағы барлық билимлендириў мәкемелери басшылары ортасында 2 күн мүддетте тийисли түсиндириў жумысларын алып барыўыңызды сорайман.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**